



**Built to Lead**

Pou Piblikasyon Imedya: 4/13/2016

**GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO**

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE SIBVANSYON \$400.000 NAN SIBVANSYON  
Kwasans Entelijan pou Kominote yo nan Adirondack Park ak  
ÓGANIZASYON YO**

***Sibvansyon pou sipòte Aktivite Rekreyatif, Kwasans Ekonomik ak Pwoteksyon  
Anviwònman***

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse preske \$400,000 nan prim sibvansyon kwasans entelijan pou sis kominote nan Adirondack Park. Gouvènè a te anonse ke Fon Pwoteksyon anviwònman ak lajan sibvansyon sa yo nan minisipalite Adirondack yo ansanm avèk òganizasyon non-pwofi yo nan kad Jou Gouvènman Lokal nan Adirondack Park.

“Adirondack Park se youn nan pi bon egzanp bote natirèl toupatou nan mond lan avèk pik elve ak forè kap atire plizyè milye vizitè nan mèvèy sa nan North County chak ane,” **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Sibvansyon sa yo ap bati sou siksè sa, ede pou ranfòse ekonomi lokal la epi asire ke park la rete yon destinasyon dinamik pou deseni kap vini yo.”

Sibvansyon pou kwasans entelijan administre pa Depatman Konsèvasyon Anviwonman e li sipòte plan lokal ak pwojè ki vize kominote a ak devlopman ekonomik kap adapte epi konplete resous natirèl rejyon an. Pwojè ki atribye yo demontre kijan kominote yo nan Adirondack ka devlope lè yo itilize atou natirèl inik Park la ki konbine avèk teknoloji amelyore, atraksyon ak enfrastrikti pou pote nouvo biznis ak sitwayen.

**Komisyonè pa Entèrim DEC Basil Seggos te deklare,** “Grasa lidèchip Gouvènè Cuomo, sibvansyon sa yo ap devlope envestisman istorik nou an nan konsèvasyon ak jesyon yon resous natirèl nan nivo mondyal nan Adirondacks nan ede kominote yo kapitalize sou atou enpòtan sa yo epi envesti nan enfrastrikti lokal yo.”

Sibvansyon sa yo sipòte tou revitalizasyon ki santre lokalman nan seksyon riral yo ansanm avèk pwojè kolaboratif ki ankouraje epi aktive aktivite ekonomik lokal nan yon park a gran echèl. Pwojè Adirondack Harvest ak Adirondack Trail Towns ap abilite enstitisyon kiltirèl Park la, biznis ak pwomotè aktivite yo nan itilize teknoloji pou konbine fòs yo nan park la, kowòdone ak komèsyalize livrezon pwodui, aktivite ak atou touris grasa mak inifye nan nivo park la.

Sa a se katriyèm pati nan lajan finansman kwasans entelijan kap sipòte kominote yo nan Adirondack Park. Sibvansyon ane sa devlope sou prekse \$2 milyon dola ki angaje nan premye twa pati finansman pou pwogram sa a. DEC kontinye fè patenarya avèk Depatamn Deta ansanm avèk Ajans Adirondack Park (APA) pou pote pwogram nan. Pwojè anplis ki te finance gen ladan: sipò yon nouvo sous dlo ki pral sèvi Vilaj Crown Point epi stabilize aktivite pwodiksyon nan kouvwa lapèch Konte Essex sa kap ede rezèv kouran rejyon an; sipòte ekspansyon obsèvatwa Piblik Adirondack, sa ki gen potansyèl pou prezante yon atraksyon inik, syèl klè lannwit Adirondack'; epi sipòte amelyorasyon peyizaj nan Lake Placid ak Lake George.

**Prezidan APA Leilani Ulrich te deklare,** "Pwojè sa yo kapitalize sou aspè inik nan Adirondack Park. Enplemantasyon yo ap elaji opòtinite ekonomik enpòtan ki konsistan avèk karaktè ak apèl kominote yo nan Park la. Nou rekonesan anpil pou gwo sipò Gouvènè Cuomo."

**Sekretè Deta pa Entèrim Rossana Rosado te deklare,** "Kwasans Entelijan te vini yon zouti entegral nan reyaparasyon Eta New York. Sibvansyon sa yo ap kontribye nan kominote Adirondack yo lè li ede yo grandi nan fason ki dirab – ekonomikman, anvivonmtalman ak sosyalman."

**Senatè Betty Little te deklare,** "Kolaborasyon sa ant gouvènman lokal ak Eta New York se gwo nouvèl pou kominote yo nan Adirondack. San finansman, plan sa yo pou yon avni ki pi miyò te ka pa reyalize. Mwen remèsye Gouvènè Cuomo, Komisyonè pa Entèrim DEC Seggos ak tout lòt moun ki te jwe yon wòl nan atribisyon sibvansyon sa yo. Map rete tann pou m wè pwogrè chak aplikan ap fè pou amelyore kominote yo."

**Manm Asanble Marc Butler te deklare,** "Sibvansyon kwasans entelijan sa yo enpòtan nan efò nou pou amelyore ak bati sou enfrastrikti nan Adirondack Park. Deplizanpli, strateji ekonomik Gouvènè a ap dirije kominote yo pou travay nan yon nouvo espri koperasyon, e sa se yon gwo pa delavan nan Adirondack Park kap kòmanse wè rezilta konkrè kap konkretize."

**Manm Asanble Janet Duprey te deklare,** "Mwen te kontan pou m sipòte Obsèvatwa Piblik Adirondack depi moun yo te premye prezante m lide gwo vizyon sa pou pote vizitè nan Tupper Lake pou pwofite de konstelasyon yo. Yon fwa ankò rezidan yo nan Tupper Lake te gen yon nouvo lide epi transfòme l an yon eksperyans vyab, agreyab ak edikatif pou etidyan, rezidan ak touris yo. Mwen etann remèsiman m bay Gouvènè Cuomo ansanm avèk Komisyonè pa Entèrim Seggos paske yo rekonèt valè finansman Faz 2 nan pwojè sa a pou elaji popilasyon an ki pral anmezi pou pwofite panorama enkwayab syèl la lannwit grasa bon jan kalite teleskòp rechèch."

**Manm Asanble Dan Stec ste deklare,** "Angajman kontinyèl sa pou investi nan kominote Adirondack nou yo se bon nouvèl. Sibvansyon sa yo ap pèmèt ogmantasyon devlopman ekonomik ak opòtinite lwazi pandan lap amelyore enfrastrikti ki pi nesèsè nan Park la."

Pwogram nan te sipòte dirèkteman inisyativ nan tout park la, Common Ground Alliance ak Adirondack Partnership, kap travay sou pataj priyorite ant sitwayen lokal, òganizasyon non-pwofi, minisipalite ak ajans yo nan Eta New York enkli laj bann, devlopman ekonomik, lwazi dirab ak touris. Pwogram nan te bay finansman pou pwojè yo ki dirije lokalman kap fè lyezon dirèk ant sistèm santye DEC ak santye kominote yo. Lòt pwojè yo te relye seksyon riral ki pa itilize yo avèk resous istorik avèk nouvo itilizasyon ak vizitè.

Baze sou aplikasyon konpetitif ke nou te resevwa nan mwa Fevriye, pwojè ki annaprè yo te atribye ane sa a:

### **Sibvansyon Kwasans Entelijan Adirondack**

<b>Aplikan &amp; Patenè</b>	<b>Depatman Resous Kominotè Konte Essex, avèk Vilaj Crown Point</b>
Tit Pwojè a	Opòtinite Lapèch: Essex Co. Fish Hatchery/Sèvis Pataje Vialj Crown Point
Total Lajan Sibvansyon ki Bay	\$75,000
Rezime	Konte Essex ak Vilaj Crown Point te fòme yon patenarya pou adrese pwoblèm rezèv dlo epi fè amelyorasyon striktirèl nan kouwwa pwason Essex Co. ak sistèm dlo minisipal vilaj la. Pwojè a gen ladan yon nouvo pwi dlo ak konstriksyon yon nouvo tretman dlo pou minisipalite a ak etablisman kontwòl sou pwopriyete kouwwa, avèk espas biwo ak twalèt ke vizitè ak anplwaye minisipal yo ap itilize. Lajan sibvansyon pou Kwasans Entelijan te mande pou finanse yon pati nan depans pou fouye pwi a, ak pati twalèt la nan nouvo etablisman an.
<b>Aplikan &amp; Patenè</b>	<b>Lake Placid Village, Inc.</b>
Tit Pwojè a	Pwojè Amelyorasyon Dlo Lapli Mirror Lake
Total Lajan Sibvansyon ki Bay	\$75,000
Rezime	Pwojè a gen ladan amelyorasyon sistèm koleksyon dlo lapli sou 1,100 ft. nan Mirror Lake Dr. nan Vilaj Lake Placid pou amelyore kalite dlo nan Mirror Lake ak mas kò dlo, enkli Larivyè Ausable. Sistèm nan ap entèsepte epi kolekte sèl, sediman ak polyanlladen dlo lapli ki kounye a dechaje non-trete atravè anbouchi dlo lapli nan pati lès lak la. Etid endike ke lak la te afekte pa ekoulman pwojè a, sa ki fè pati nan yon efò konsète Vilaj la pou adrese kalite dlo nan lake la, te jwenn gwo sipò pami piblik la ansnam avèk òganizasyon ki enterese

	yo. Konstriksyon sistèm koleksyon dlo lapli a egzije yon demolisyon nan twotwa sou Mirror Lake ki popilè anpil pou moun kap mache ansanm avèk sa kap kouri. Nan kad pwojè a anjeneral, Vilaj la ap enstale yon twotwa an beton dekoratif ak limyè pou pyeton pou amelyore bote ak sekirite sou wout popilè sa a.
<b>Aplikasyon &amp; Patènè</b>	<b>Konte Hamilton, avèk sipò ki soti bò kote anpil patnè, enkli Fondasyon Adirondack, Mize Adirondack, Adirondack Partnership, ANCA, CAP-21, Essex County IDA, ROOST, ak Wild Center</b>
Tit Pwojè a	Santye Vil Adirondack
Total Lajan Sibvansyon ki Bay	\$75,000
Rezime	Pwojè sa enplemannte inisyativ Santye Vil Adirondack nan tout park la, youn nan senk “strateji kle” nan AVANTAJ Adirondacks. Santye Vil Adirondack ap idantifye, enavantè, lyezon ak ekipman santye non-lwazi mache manje, konsèvasyon istorik, istwa, art, atraksyon kiltirèl, aktivite ak evènman, elatriye...). Travay kap fèt avèk fon Kwasans Entelijan gen ladan demann ak chwa yon administratè, devlopman yon kowalisyon enplemantasyon, devlopman yon plan finans, preparasyon yon strateji maketing elektwonik, ak livrezon evalyasyon kominote Vilaj Santye avèk yon konpayon kominote / zouti biznis ak direktiv pwogram.
<b>Aplikasyon &amp; Patènè</b>	<b>Asosyasyon Ekstansyon Cornell Cooperative -Konte Essex, avèk sipò bò kote vil Elizabethtown ak Willsboro</b>
Tit Pwojè a	Ekspansyon Teknoloji Adirondack Harvest
Total Lajan Sibvansyon ki Bay	\$74,772
Rezime	Sibvansyon sa ap ede Pwogram Adirondack Harvest nan Cornell Cooperative Extension pou enplemannte yon gwo renovasyon nan sitwèb li ki egziste deja avèk yon opsyon rechèch paj dakèy ki pi aksesib, yon aparans anjeneral ki pi atreyan, yon konfigirasyon “smartphone akeyan” ak twa nouvo paj kat pou enkli pwodui bwa ak agrikilti ke kominote a sipòte (CSA) ak transfòmasyon manje lokal. CCE Essex ap ajoute biznis pwodui bwa nan Blue Line, ak yon gwo pwomosyon medya nan North Country sou karakteristik “nouvo” sitwèb la. CCE Essex ap remanye gid manje lokal aktyèl Konte Essex nan yon nouvo fòm ki plis anfas avèk nouvo mouvman kiltivatè nan konte nou an ak Park la,

	<p>develope yon nouvo konsepsyon nan chak nan twa pwochen ane yo. Finalman CCE Essex ap fè yon kanpay medya pou fè rezidan yo konnen ki kote pou yo jwenn manje lokal ak pwodui bwa avèk yon objektif pou ogmante acha nan Park ogmante dirabilite biznis aktyèl yo.</p>
<b>Aplikasyon &amp; Patènè</b>	<b>Vilaj Tupper Lake, avèk Adirondack Public Observatory, Inc.</b>
Tit Pwojè a	Sipò pou Obsèvatwa Piblik Adirondack
Total Lajan Sibvansyon ki Bay	\$70,000
Rezime	<p>Vilaj la ap ede Obsèvatwa Adirondack Public (APO) pou akonpli objektif li pou kapitalize sou syèl nwa ak klere Park la pou atire rezidan ak vizitè pou eksplòre konstelasyon yo. Sibvansyon sa ap avanse twa pati enpòtan nan pwojè a: Konsepsyon achitekti ak jeni pou yon mize / obsèvatwa, yon strateji kominikasyon ak yon kanpay strateji pou ranmase lajan. Desen pasyèl ak plan jeni pou alafwa Faz 1 ak pwochen ekspansyon te develope nan 2009 men vizyon an te evolye e plan yo bezwen mizajou. Acheve reyalizasyon Faz 2 ap depoze konsepsyon ak baz strateji ki pral fè konstriksyon final la posib, e kòmanse pran potansyèl pou pi gwo atraksyon touris nan zòn lan.</p>
<b>Aplikasyon &amp; Patènè</b>	<b>Vilaj Lake George</b>
Tit Pwojè a	Sit Amelyorasyon South Canada Street
Total Lajan Sibvansyon ki Bay	\$22,250
Rezime	<p>Pwojè kwasans entelijan sa ap enplemanse preparasyon konsepsyon ak konstriksyon dokiman pou amelyorasyon peyizaj nan pati lwès Canada St. nan Vilaj Lake George, enkli amelyorasyon kanivo kote Canada St. travèse West Brook. Twonson Canada St. (apeprè 0.37 kilomèt long) konekte entèseksyon Million Dollar Beach Rd. ak Canada St. avèk antre nan Charles R. Wood Park. Sibvansyon an pral finanse preparasyon dokiman pou konsepsyon ak konstriksyon ki nesèsè pou pote pwojè a apati nivo konsepsyon pou rive an yon pwojè ki pare. Yo te fè toupatou nan Vilaj la renovasyon konsiderab nan peyizaj la e aplikasyon sa ap mande lajan pou amelyore dènye twonson ki pa amelyore a nan Canada St. Avèk finansman sa, Vilaj la te anboche kontraktè a pou prepare dokiman plan ak konstriksyon ki pral sèvi tou kòm</p>

	yon lyezon ant Vilaj la ak kontraktè responsab pou konstriksyon amelyorasyon peyizaj ki pwopoze a.
--	---

Pou jwenn plis enfòmasyon, vizite sitwèb DEC nan  
<http://www.dec.ny.gov/lands/45970.html>.

###

Nouvèl anplis disponib nan sit entènèt [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418